# DÁNEKER SÓZLERDE DAWÍSLÍ SESLERDIŃ ALMASÍWÍ

**Masharipova Svetlana Tadjibaevna,**
*Berdaq atındaǵı QMU,úlken oqıtıwshı*

DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.18902643

***Калит сўзлар:*** *боғловчилар, функциональ-семантика, эмоциональ ва экспрессив хизмати, экстралингвистик фактор, миллат ва маданият, кумулятив, фонетика*
***Ключевые слова:*** *союзы,функциональный-семантика, эмоционально-экспрессивная служба, экстралингвистический фактор, нация и культура, кумулятив, фонетика*
***Key words:*** *conjunctions, functional-semantics, emotional and expressive function, extralinguistic factor, nation and culture, cumulative, phonetics*

***Annotaciya.*** *Maqolada qaraqlpoq tilida unli tobushlarda tovush almashinuvi hodisasi haqida so'z etilgan.*

***Аннотация.*** *В статье рассматривается явление чередования гласных звуков в каракалпакском языке*

***Annotation.*** *The article discusses the phenomenon of sound alternation in vowel sounds in the Karakalpak language.*

Dánekerler sóz dizbeklerin, birgelikli aǵzalardı, qospa gáplerdiń sostavındaǵı jay gáplerdi baylanıstırıw ushın xızmet isleytuǵın kómekshi sózlerdiń bir túri.

Dáneker sózlerdiń sostavındaǵı sesler belgili tártipte dizbeklesip, belgili nızamlılıqqa baǵınıp kelgen. Mine bul jaǵınan dánekerlerdiń seslik qurılısın óz aldına sóz etiw júdá orınlı.

Dáneker sózlerde tiykarınan tilimizdegi dawıslardıń (a, i, e, ı, o, ó, á, u) hámmesi derlik qollanıladı. **Ú** dawıslı seslik qurılısında da ushıraspaydı. Al qazaq tilindegi dánekerlerdiń seslik qurılısında tek *sol úshin* sózinde ǵana gezlesedi.

Dánekerlerdiń sostavındaǵı dawıslı seslerdi de juwan hám jińishke dawıslılar dep ekige bólip qaraymız. Sebebi juwan dawıslı ses penen aytılatuǵın dánekerler ashıq túrde aytıladı, al jińishke dawıslı menen aytılatuǵın dánekerler qısıq túrde aytıladı.

**a) Juwan dawıslılar:**

Dánekerlerdiń sostavında juwan dawıslılarǵa qaraǵanda jińishke dawıslılar kóbirek qollanıladı.

**A** dawıslısı dánekerlerdiń qurılısında basqa juwan dawıslılarǵa salıstırǵanda aktiv qollanıladı. Bul ses dáneker sózdiń basında júdá az, al sózdiń ortasında siyrek turadı (biraq, bazda, yamasa, bolmasa) al sózdiń aqırında kóbirek qollanıladı. (biraq ta, sonda da, yamasa, bolmasa, da, ta, sonlıqtan,bazda).

Tirkewish sózler sıyaqlı o sesinen baslanatuǵın dáneker sózler joq. Al qazaq tilinde o sesinen baslanatuǵın dáneker bar.

Máselen: onda da.

Dawıslı o sesi dánekerlerdiń tek birinshi buwınlarında turadı da, al keyingi buwınlarında hesh gezlespeydi (sonda da, bolmasa, sonlıqtan, sonıń ushın).

U. dawıslısı tek qospa túrdegi dánekerlerdiń qurılısında ǵana bir jerde qollanıladı: sonıń ushın.

Dawıslı ı sesi dánekerlerdiń ortasında kóbirek turadı, al aqırında tek bir ǵana sózde ushırasadı.

Máselen: sonlıqtan, sonıń ushın, taǵı. Qaraqalpaq tilindegi dáneker sózlerde ı dawıslısı júdá kem qollanıladı: *sonlıqtan.* Basqa dáneker sózlerinde gezlespeydi.

Solay etip dánekerlerdiń qurılısındaǵı juwan dawıslılardıń qollanıw ózgesheliklerin kórip shıqtıq.

**b) Jińishke dawıslılar.**

Dánekerlerdiń qurılısında jińishke dawıslılardıń hámmesi aktiv qatnasa bermeydi. Jińishke e, i dawıslıları aktiv qollanıladı, al á, ó dawıslı sesler az ushırasadı. Endi hárbir sestiń qollanıw tártibine qısqasha toqtap óteyik.

Dawıslı e sesi dánekerlerdiń sostavında kóp ushırasadı. Dáneker sózlerdiń basında *eger, eger de* az qollanılsa, ortasında (*degen, menen, tek, lekin, geyde, sebebi, sol sebepli, óytkeni*) hám sózlerdiń aqırında (*sóytse de, birese, birde, jáne, de, te, egerde, geyde)* kóp qollanıladı.

**ı** sesi dáneker sózlerdiń basında hesh ushıraspaydı, al sózdiń birinshi buwınında siyrek (biraq, birese, birde) keyingi buwınlarda aktiv qollanıladı *(lekin, bálkim, meyli, yaki, sebebi, óytkeni, sol sebepli).*

Dawıslı **ó** sesi qaraqalpaq tilindegi dánekerlerdiń qurılısında júdá az qollanılıp, basında (óytkeni) hám ortasında (sóytse de) turadı. Al qazaq tilinde ó. sesi (óytkeni) bir sóziniń basında turıp, basqa dánekerlerdiń qurılısında ushıraspaydı. Dawıslı **Á** sesi dánekerdiń sostavında az qollanıladı.

Máselen: *bálkim gá, jáne, hám.*

Dáneker sózlerdiń Á sesinen baslanıwı qaraqalpaq tilinde ushıraspaydı. Al qazaq tilinde Á sesinen baslanatuǵın dánekerler ushırasadı.

Máselen. *ár, álde, áytpese, áytkenmen.*

Dáneker sózlerdiń sostavındaǵı dawıslı sesler singormonizm nızamına baǵınadı. Dánekerlerdiń buwınında juwan dawıslı bolsa, sońǵı barlıq buwınlarında juwan dawıslı bolıp keledi.

Máselen: *bi-raq, son-da da, baz-da, bol-ma-sa, son-lıq-tan, so-nıń u-shın.*

Al, jińishke dawıslı bolsa, sońǵı buwınları da jińishke dawıslı sesler bolıp únlesedi. Máselen: *degen me-nen, sóyt-se de, le-kin, bál-kim, bi-re-se, bir-de, gey-de, mey-li,*

*se-be-bi, óyt-ke-ni, e-ger, e-ger-de, já-ne, me-nen (be-nen,pe-nen).*Demek, dáneker sózlerdiń barlıǵı tańlay únleslik nızamına tolıq baǵınadı eken. Dánekerlerdiń ishinde biraq sózi tańlay únlesligine únlespey, birinshi buwını jińishke, al ekinshi buwını juwan bolıp aralasıp kelgen. Biraq dánekeri eki túbirden quralǵan qospa sóz bolıp esaplanadı. Birinshi túbiri bir, ekinshi túbiri aq yaǵnıy sanlıq hám kelbetliktiń birigiwinen biraq dánekeri jasalıp tur.

Sonday- aq, dáneker sózlerdegi ashıq hám qısıq dawıslılar hár qıylı formada gezlesedi. Eki hám úsh buwınlı dáneker sózlerdiń sostavında gileń ashıq dawıslılar bolsa (sonda da, bazda, bolmasa) ayırımlarında gileń qısıq dawıslılar boladı.

Máselen: *degen, birde, birese, sebebi, egerde hám t.b*.

Eki buwınlı dánekerlerdiń birinshi buwını ashıq dawıslı sese bolsa, ekinshi buwını qısıq dawıslı boladı. (jáne,sóytsede de, bálkim, sonıń ushın, taǵı, óytkeni)

Al, birinshi buwınında qısıq dawıslı ses tursa, ekinshi buwında kerisinshe ashıq dawıslı ses turadı.

Máselen: 1. Biraq Azat penen oylasqan wádesi esine túskende kókiregin basıp, ózine ózi táselle beredi. (A.Áliev) 2. Biraq ta, bul jerge áskeriy komissariattıń wákillerinen heshkim de bolmadı (T.Xalmuratov).

Dáneker sózlerdiń sostavındaǵı dawıslılarda erin únlesligi boyınsha únlesip keledi. Biraq tirkewish sózlerge qaraǵanda dánekerlerdiń ishinde erin únlesligi boyınsha únlesip kelgen sózler az. Sebebi, dánekerlerdiń seslik qurılısında erinlik sesler az qollanıladı.

Máselen: 1.Sóytse de birinshi buwındaǵı jińishke erinlik Ó sesi, ekinshi buwındaǵı Ó eziwligi erinlik Ú dawıslısına aylanıp aytıladı. *Sóytse de-sóytsó de*.

2. Sonlıqtan, sonıń ushın. Bul sózlerdiń birinshi buwını juwap erinlikler bolǵan o,u dawıslıları kelip, o sesi ekinshi buwındaǵı eziwlik ı sesleri óz túrinde esitilmesten, birinshi buwındaǵı seslerge (o,u) uqsas bolıp esitiledi: sonlıqtan-sonluqtan, sonıń ushın sonuń-ushıń. Bul tek awızeki sóylew procesinde ǵana aytıladı da, biraq jazıwda sóytse de, sonlıqtan, sonıń ushın dep sol turısında jazıladı. Házirgi qaraqalpaq tilinde dánekerlerde dawıslı seslerdiń almasıwı ónimli qubılıs emes. Dánekerlerde tek a-e seslik almasıwı ǵana ushırasadı. Bul *da-de, ta-te* dánekerlerdiń quramındaǵı a-e seslik almasıwı bolıp tabıladı.

Mısalı: Dúysenbay da, Qara murt ta Mápilik ǵarrısınıń utılǵanın sezip gijinip qarastı. (T.Qayıpbergenov). Dárya da, kól de jım-jırt (K.Sultanov). Ol qaraǵaydıń usha basına minip te otıradı. (Ó.Xojaniyazov). Bul dánekerlerdiń **a-e** seslik almasıwları aldındaǵı sózdiń sońǵı sesine baylanıslı payda boladı.

Máselen: aldındaǵı sóz dawıslıǵına yamasa únlige tamamlansa, **da-de** variantı, al únsizge tamamlansa **ta - te** variantı dizbeklesip keledi.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq tilinde dánekerlerde dawıslı seslerdiń almasıp jumsalıwı tek ǵana da-de,ta-te dánekerlerinde kóriwimizge boladı.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**

1. Baskakov N.A. Karakalpakskiy yazık. III tom. Chasti rech i slovoobrazovanie. M. 1952.
2. Baskakov N.A. Karakalpakskiy yazık. II tom. Fonetika i morfologiya. M. 1962.
3. Berdimuratov E. Ádebiy tildin funkcionallıq stilleriniń rawajlanıwı menen qaraqalpaq leksikasınıń rawajlanıwı.- Nókis, 1973.
4. Berdimuratov E. Dawletov A. Házirgi zaman qaraqalpaq tili. (Fonetika, leksikologiya).- Nókis, Qaraqalpaqstan, 1979.
5. Berdimuratov E. Hazirgi qaraqalpaq tili. (Leksikologiya).- Nókis, Bilim, 1994.
6. Ernazar Dáwen ulı. Qaraqalpaq tilinde kómekshi sózler. -Nókis, Bilim, 1994.